

BOSTON, JWENN FRÈ EKOLAJ GRATIS POU YON KOLÈJ KOMINOTÈ!

Kolèj twò enpòtan pou l limite sèlman pou moun ki kapab peye l. Se poutèt sa Vil Boston pran angajman pou peye jiska twazan kolèj pou tout rezidan yo atravè la Tuition-Free Community College (TFCC) Plan.

KIMOUN KI KALIFYE?

Tout rezidan Boston yo kèlkeswa laj, revni, oswa kondisyon imigrasyon yo kalifye pou fon TFCC. Pou w kalifye, ou dwe:

- Yon rezidan Boston.
- Enskri nan yon pwogram diplòm asosye oswa yon pwogram sètifika akoutèm nan yon kolèj patnè.
- Ranpli FAFSA.*

* Elèv yo ki pa gen papyè, elèv DACA, oswa ki gen TPS, pa bezwen ranpli FAFSA pou yo resevwa sipò finansye atravè TFCC.

KI KOLÈJ YO KI KALIFYE?

- Benjamin Franklin Cummings Institute of Technology*
- Bunker Hill Community College
- Massasoit Community College
- MassBay Community College
- Roxbury Community College
- Urban College of Boston

*Gen yon kantite espas TFCC limite ki disponib nan Enstiti Teknoloji Benjamin Franklin Cummings.

KI PWOGRAM KI KOUVRI?

Nenpòt pwogram diplòm asosye oswa pwogram sètifika akoutèm ki disponib nan kolèj patnè TFCC yo. Pou aprann plis sou pwogram ki disponib yo ak kijan pou aplike, vizite sit entènèt admisyon kolèj ki enpòtan.

KI FRÈ KI KOUVRI?

- Tout frè ekolaj ak frè obligatwa ki rete apre yo fin aplike nenpòt lòt èd finansye aplikab.
- \$250 chak semès pou jiska twazan depans ki gen rapò ak kolèj (tankou liv oswa transpò).
- Dèt jiska \$2,500 pou elèv ki gen yon balans eksepsyonèl nan yon kolèj patnè ki anpeche yon elèv re-enskri.

KIJAN POU MWEN APLIKE?

Aplike nan yon pwogram nan yon kolèj patisipan ou chwazi epi yo pral aplike finansman an kòm yon pati nan pwosesis èd finansye a. Pou kontakte yon kolèj patnè, vizite Boston.gov/Tuition-Free.

POU W APRANN PLIS:

Vizite Boston.gov/Tuition-Free
Imèl TuitionFree@boston.gov